



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 21 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU
PREMYE EKIP TRETMAN KOMINOTÈ DINAMIK NASYON AN KI DEDYE POU
TIMOUN AK FANMI PA YO**

New York se premye eta nan nasyon ki sèvi ak pwogram inovan pou ede jèn ki a risk yo ki pa ko byen reponn ak tretman tradisyonèl yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse 21 milyon dola nan prim finansman pou 15 ekip Tretman Kominotè Dinamik (Assertive Community Treatment, ACT) yo. New York se premye eta nan nasyon an ki mete anplas ekip Tretman Kominotè Dinamik pou Jèn (Youth Assertive Community Treatment, Youth ACT) yo, ki sèvi timoun ki gen laj 10 a 21 ane ak fanmi yo, bay sèvis ak sipò nan anviwònman adomisil ak kominotè yo. Ekip yo pèmèt jèn ki a risk yo pou yo antre nan tretman sikyatrik rezidansyèl oswa ospitalye resevwa sèvis pandan y ap rete ak fanmi yo ak nan kominote yo.

"Lè jèn ki a riske yo ap souffri ak difikilte, li enperatif pou fanmi yo rete ansanm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aprè pandemi COVID-19 la, New York ap trase chemen an nan devlope nouvo fason inovan pou bay moun ki vilnerab yo swen sante konpòtmantal. Avèk èd nouvo pwogram sa a, timoun yo atravè eta a pral gen opòtinite pou yo rete ak fanmi yo epi resevwa sèvis yo bezwen yo."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Nou trè fyè nan OMH pou nou se premye ajans sante mantal eta nan nasyon an ki modifiye modèl ekip ACT pou granmoun yo ki pote siksè a, epi sèvi ak li pou sèvi jèn yo ak fanmi yo. Ekip pyonye n ap finanse ak devlope yo pral ofri sèvis pou jèn ki a risk yo lè ak kote yo bezwen li pi plis, epi ede yo rete lekòl epi devlope konpetans yo ka itilize pou mennen yon lavi endepandan epi ki pote siksè."

Reprezantant Yvette Clarke te deklare, "Lè jèn nou yo ap souffri ak pwoblèm sante mantal epi fè fas ak lòt baryè ki anpeche yo jwenn sipò ak tretman yo bezwen an, se nou menm, ofisyèl eli yo, ki gen responsablite a pou asire yo jwenn bon solisyon pou ede yo simonte difikilte sa yo. Menm jan ak travay mwen kòm yon manm prensipal nan Komite Enèji ak Komès la lè mwen te ede prezante Lwa sou Libète Latonya Reeves (Latonya Reeves Freedom Act) la, yon lwa enpòtan pou entèdi pratik diskriminatwa kont moun ki gen andikap ki bezwen Sèvis ak Sipò Alontèm (Long Term Services and Supports, LTSS), konsa tou, nou dwe mete men ansanm pou kodifye lwa ki egziste deja

yo epi ranfòse dwa jèn Nouyòkè yo ki gen andikap, ki gen ladan maladi sante mantal, nan yon anviwònman ki sipòte livrezon bon jan sèvis tretman epi ki ankouraje gerizon. Gras ak Biwo Sante Mantal Eta New York la ak angajman Gouvènè Hochul te pran pou ede jèn nou yo ak fanmi yo simonte difikilte pou jwenn bon tretman sante mantal, obligasyon sa a ap akonpli. Anons finansman jodi a, ke mwen sipòte ak tout kè mwen, pral bay ekip Tretman Kominotè Dinamik pou Jèn revolisyonè eta nou an resous yo bezwen pou kenbe timoun nou yo an sante nan pwòp kay yo, ak nan kominote yo."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pandemi an te gen yon enpak san parèy sou sante mantal anpil moun, epi kèk nan yo te santi fado sa a plis pase timoun nou yo. Depi nan kòmansman kriz sa a, mwen te mete presyon pou nou asire nou sipòte timoun nou yo, jèn adilt yo ak tout Ameriken yo, e mwen te fyè pou m te ede garanti finansman ki enpòtan anpil pou sibvansyon global CMHS la ak pwogram FMAP yo pou bay asistans sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou devouman li paske li konprann ak abòde depans kache kriz sa a epi bay kominote nou yo sipò."

Reprezantan Kathleen Rice te deklare, "Ekip Tretman Kominotè Dinamik pou Jèn sa yo gen potansyèl pou yo vin yon sistèm sipò altènatif ki enpòtan pou jèn ki a risk yo. Mwen fyè dèske New York ap envesti nan kalite swen inovatè sa a pou timoun ak fanmi yo, epi n ap kontinye elaji aksè ak sèvis sante mantal atravè eta a."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a pou alokasyon 21 milyon dola pou ekip tretman kominotè yo pou avanse efò nou yo pou adrese sante mantal timoun yo ak fanmi yo. Ekip tretman kominotè yo se yon eleman enpòtan nan efò nou yo pou elaji aksè ak sèvis resous sante mantal yo, epi devlopman founisè Tretman Kominotè Dinamik pou Jèn sa yo pral ede ogmante aksè jeneral ak sèvis entansif ak endividalize yo pou bay timoun ak fanmi yo sipò enpòtan chak jou jan sa nesesè."

Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare, "Mwen te angaje depi lontan pou adrese defi sante mantal ke anpil rezidan ap fè fas ak yo chak jou, men COVID te kreye yon nouvo kriz sante mantal, espesyalman pou timoun nou yo ki te izole nan etap devlopman kle yo. Ekip Tretman Kominote Dinamik yo se yon eleman enpòtan nan sèvis nou bay yo, epi elaji yo bay jèn nou yo se yon gwo viktwa. Nou dwe toujou chèche nouvo opòtinite ki amelyore lavi, epi mwen felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip li pou li vin premye moun nan nasyon an ki dirije inisyativ sa a ki rive sezi okazyon epòk nou an."

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Elaji sèvis sante mantal pou kominote nou an se yon priyorite kontinyèl pou Konte Broome ak founisè lokal yo. Ekip ACT pou Jèn sa yo vini nan yon moman kote bezwen an egzije yon nouvo ijans ak efè pandemi an te genyen sou rezidan nou yo. Children's Home se yon gwo patnè nan kad efò sa a epi mwen apresye angajman Gouvènè a ki ede nou bay sèvis sante mantal nan yon fason ki nouvo ak inovan."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Envesti nan sèvis sante mantal pou jèn nou yo pi enpòtan pase anvan pandan n ap travay pou nou rekipere anba pandemi COVID-19 la. Finansman sa a ki fèk akòde a pral kontribiyè anpil nan efò sa a. Konte Onondaga te fè sa a yon gwo priyorite e nou trè kontan paske patnè eta nou yo ap fè menm bagay la. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman li nan pwoblèm enpòtan sa a."

Kad Egzekitif Konte Orange, Steven M. Neuhaus, te deklare, "Moun ki gen pwoblèm sante mantal yo ka souvan santi yo izole ak poukont yo. Yo bezwen konnen ke gen yon varyete resous diferan ki disponib epi finansman enpòtan sa a ka ede sove lavi yo. Sante mantal se yon pwoblèm swen sante enpòtan ak konsyantizasyon ak pwogram tankou ACT pral nan avantaj moun ki bezwen asistans ak fanmi yo."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare, "Ekip Tretman Kominotè Dinamik pou Jèn sa yo pote sèvis enpòtan yo pi pre timoun ak fanmi yo ki bezwen yo epi yo pral ede asire ke plis jèn a riske gen aksè ak tretman, pwofesyonèl ak resous yo bezwen pou jere kriz, kreye espas ki an sekirite ak amelyore rezilta yo. Mwen remèsye Hillside Family of Agencies paske yo te bay fanmi Konte Monroe swen sante enpòtan pou konpòtman sa a epi mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou envestisman li nan pwogram inovan sa a."

Chèf Egzekitif Konte Oneida, Anthony Picente, te deklare, "Konte Oneida kontan pou li fè pati patenarya sa a ak Eta New York ak ICAN. Nan mezi pou pwoteje timoun nou yo pou yo pa manke atansyon ak pwogram se filè sekirite ki nesesè. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip ou sou pwoblèm enpòtan ak krisyal sa a."

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Konte Suffolk kontan pou li kapab òganize premye Ekip Tretman Kominotè Dinamik pou Jèn yo nan Eta New York. Pandan n ap fè efò pou bay ak amelyore aksè ak sèvis sante konpòtmantal pou rezidan nou yo, nou anbrase nouvo opòtinite epi chèche dirije atarvè egzanp. Estrikti inik Ekip ACT a pral bay yon apwòch ekip miltidisyiplinè k ap pote sèvis sante mantal bay jèn yo ak fanmi yo atravè yon modèl kominotè/adomisil."

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Jèn nou yo ap fè fas ak difikilte ki depase kwayans akòz pandemi COVID-19 la, sa a se yon lòt zouti pou ede yo jwenn pozisyon, pou ede yo re pran ekilib yo epi kontinye mennen lavi adilt pwodiktif epi ki pote siksè. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou lidèchip li nan bay fason inovan pou ede jèn ki a risk yo gen aksè ak swen sante konpòtmantal. Dola yo anonse jodi a pral benefisyè anpil timoun ak fanmi yo atravè Konte Westchester ak Eta New York."

Lejislatè ak Prezidan Konte Schenectady a, Anthony Jasenski, te deklare, "Konte Schenectady rekonesan dèske li kapab ofri sèvis inovan sa a bay jèn yo ki pi vilnerab nan konte nou an. Ekip ACT pou Jèn yo, an kolaborasyon ak Northern Rivers, pral bay sèvis klinik entansif pou jèn ki soti entèn lopital oswa nan sant tretman yo, oswa ki a risk pou antre nan etablisman sa yo. Li nan enterè kominote nou an pou kenbe jèn nou

yo an sekirite lakay yo, nan lekòl yo ak nan kominote a. Nou pa ka tann pou nou gen sèvis valab sa a nan Konte Schenectady."

Prezidan Lejislati Konte Niagara a, Rebecca Wydysh, te deklare, "Satisfè bezwen sikyatrik jèn yo ka yon defi ki difisil. Mwen bat bravo pou Eta New York dèske li eseye ekip ACT pou jèn yo pou adrese bezwen sa a. Mwen kwè ak fèmte ke kenbe jèn yo nan anviwònman ke yo pi abitye pandan y ap resevwa tretman ofri pi bon chans pou yo reyisi."

Yo pral bay prèske 15 milyon dola nan finansman anyèl atravè ranbousman èd eta ak Medicaid, epi 6 milyon dola finansman yon sèl fwa pou demaraj k ap soti nan gouvènman federal la ke y ap bay atravè ekspansyon ki limite nan tan nan kad Sibvansyon Global Sèvis Sante Mantal Kominotè (Community Mental Health Services, CMHS) a ak pwogram Pousantaj pou Asistans Medikal Federal (Federal Medical Assistance Percentage, FMAP) la. Yo te bay plis finansman pou pwogram sa yo dapre Lwa Sekou ak Kredi Sipleman tè pou Entèvansyon ak Kowonaviris (Coronavirus Response and Relief Supplemental Appropriations, CRRSA) ak Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act) an.

Founisè ekip Tretman Kominotè Dinamik (ACT) pou Jèn se ajans san bi likratif ki gen eksperyans nan bay sèvis sante mantal pou moun ki gen gwo twoub emosyonèl yo. Yo pral kreye ak sipèvizè ekip ACT yo, ki se ekip milti-disiplinè ki gen anplwaye pwofesyonèl ki gen ladan sikyat, enfimyè pratikan, klinisyen sante mantal, ak defansè konpayon yo.

Direktè Egzekitif Jeneral nan Komite Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Jwif (Jewish Board of Family & Children's Services) la, Doktè Jeffrey Brenner, te deklare, "Envesti nan mendèv sante mantal Eta New York enpòtan anpil pou kenbe jèn yo ak fanmi yo an sante nan kominote yo atravè eta a. Komite Juif la bat bravo pou sipò Gouvènè Hochul bay ekip tretman kominotè dinamik pou jèn yo, ki pral pèmèt nou bay jèn yo ki ta ka pa reponn ak tretman tradisyonèl sante mantal yos èvis inovan ki baze sou prèv. Bay sèvis entansif, kowòdone bay jèn yo ak fanmi yo nan kominote kote yo abite yo ofri yon chemen fleksib ak pwisan nan rekiperasyon an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Hillside la, Maria Cristalli, te deklare, "Pwogram ACT pou Jèn yo espesyalman destite pou adrese defi inik jèn yo ak fanmi yo ap rankontre nan yon moman ki vilnerab nan lavi yo. Li kenbe yon konsantrasyon apwopriye sou fanmi yo ak asistans adomisil, ki toujou se ideyal la. Hillside fyè pou li travay ak kòlèg nou yo, patnè konte ak eta yo pou bay sèvis inovatè sa a ki pral bay asistans ak sipò kote ak lè li pi nesèsè."

Direktè Egzekitif Circare Scott Ebner, te deklare, "Circare gen onè pou li resevwa finansman pou yon Ekip ACT pou Jèn nan Konte Onondaga a. Modèl ACT a se yon ogmantasyon nesèsè kontinyèl sèvis swen ki nesèsè pou sipòte fanmi ki gen bezwen konplèks pou yo reyisi nan kominote a epi anpeche plis pètibasyon nan sante fanmi yo lè yo evite swen enstitisyonèl yo. Etablisman yon apwòch ki baze sou ekip pou swen yo

bay nan anviwònman kominotè a nesesè pou pi byen angaje fanmi yo ki soti nan divès orijin ak eksperyans. ACT pou Jèn yo pral rann kominote nou an vin pi solid ak pi byen kapab sipòte jèn ak fanmi yo ki fè fas ak pwoblèm sante konpòtman."

Direktè Egzekitif Hope For Youth (Espwa pou Jèn yo), Doktè David Hegarty, te deklare, "Nou trè kontan dèske nou kòmanse Ekip Tretman Kominotè Dinamik pou Timoun (Children's Assertive Community Treatment Team) nou an semèn sa a. Pandemi an deja rann li difisil pou anpil timoun ak fanmi jwenn aksè ak swen sante mantal konplè epi Ekip ACT nou an pral ede pote sèvis yo lakay fanmi ki gen estrès yo."

Direktè Egzekitif Jeneral Northern Rivers Family of Services la, William T. Gettman, Jr., te deklare, "Nou salye Gouvènè Hochul pou vizyon li ak lidèchip li nan trase wout la pou pwogramasyon efikas, ki gen anpil enpak, ki pral fè yon diferans reyèl nan lavi timoun yo ak fanmi yo atravè eta a. Adult ACT te pwouve li efikas nan ede granmoun yo aprann viv avèk siksè ak defi sikyatrik yo e nou fyè dèske nou te fè pati aplikasyon li; kounye a ACT pou Jèn yo pral ede timoun ki gen defi similè nan Rejyon Kapital la ak odela rejyon an pou yo reyalize siksè pandan y ap rete san danje lakay yo ak nan kominote yo ak fanmi yo, zanmi yo ak sistèm sipò yo."

Direktè Egzekitif Jeneral CN Guidance and Counseling Services (Sèvis Konsèy ak Oryantasyon CN), Jeffrey Friedman, te deklare, "Finansman enpòtan sa a pral asire timoun yo ak fanmi yo gen aksè ak tretman sante mantal vital ak sèvis repons pou kriz nan yon moman kote kominote nou an ap souffri anba bilan emosyonèl pandemi an. Depi lè Gouvènè a te antre an fonksyon, li bay sèvis sante mantal priorite nan eta New York. Nou ekstrèmman rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman li nan byennèt emosyonèl timoun yo nan kominote nou an--enkli sila yo ki pi vilnerab yo."

George Dermody, Direktè Egzekitif Jeneral Children Home Wyoming Conference, te deklare, "Children's Home fyè pou li fè pati pwogrè istorik sa a nan bay timoun ak fanmi yo bon jan kalite tretman sante mantal ki efikas. Ekip ACT pou Jèn yo pral travay avèk fanmi yo ak kominote yo pou asire yo abòde bezwen sante mantal timoun yo epi yo ekipe jèn yo ak konpetans pou yo mennen yon vi ki gen kè kontan e ki an sante epi ki epanouyi. Mwen bat bravo pou aksyon odasye Gouvènè Hochul pou sipòte timoun yo epi konnen fanmi Konte Broome yo pral benefisye."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Child & Family Services (Sèvis Timoun & Fanmi), Elizabeth McPartland, te deklare, "Child & Family Services kontan anpil pou li travay an patenarya ak Konte Erie ak Niagara pou bay entèvansyon ki kabap sove lavi sa a pou timoun yo ak fanmi yo. Nou rekonèt bezwen enpòtan pou estabilize sante mantal timoun yo pou yo ka pwospere lakay yo ak nan lekòl yo, epi redwi entèvansyon ak plasman ki pi wo yo. Pandan 150 ane, C&FS te travay pou ranfòse fanmi yo, epi nou pral kontinye fè sa atravè pwogram revolisyonè tankou ACT pou Jèn yo."

Direktè Egzekitif Jeneral/Direktè Egzekitif ICAN Ian, Steven Bulger, te deklare, "Tan san parèy egzine solisyon san parèy. Nou menm nan ICAN aplodi Eta New York paske li envesti nan resous ki pi presye nan Eta nou an, ki se pitit nou yo. Jodi a, timoun

yo ak fanmi yo ap fè fas ak defi ke sèvis tradisyonèl yo pa ekipe pou rezoud. Modèl Tretman Kominotè Dinamik pou Timoun inovan yo se bon entèvansyon nan bon moman an epi li pral asire ke menm jèn ki pi vilnerab yo ka reyisi."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Child & Family Services (Sèvis Timoun & Fanmi), Elizabeth McPartland, te deklare, "Child & Family Services kontan anpil pou li travay an patenarya ak Konte Erie ak Niagara pou bay entèvansyon ki kabap sove lavi sa a pou timoun yo ak fanmi yo. Nou rekonèt bezwen enpòtan pou estabilize sante mantal timoun yo pou yo ka pwospere lakay yo ak nan lekòl yo, epi redwi entèvansyon ak plasman ki pi wo yo. Pandan 150 ane, C&FS te travay pou ranfòse fanmi yo, epi nou pral kontinye fè sa atravè pwogram revolisyonè tankou ACT pou Jèn yo."

Lè yo itilize yon apwòch ekip, ekip ACT pou Jèn yo kapab bay sèvis entansif, trè kowòdone, epi ki endividalize ak entèvansyon terapeitik konpetan pou asire timoun nan ak fanmi yo gen nivo tretman ak sèvis pou sipòte rekiperyasyon yo. Yo trè reyaktif ak fleksib pou satisfè bezwen endividyèl timoun yo ak fanmi yo k ap chanje, epi yo ofri sipò 24 èdtan pa jou, 7 jou sou 7.

Devlopman ACT pou Jèn yo reprezante yon angajman Biwo Sante Mantal Eta New York pou ogmante aksè ak sèvis yo nan kay ak nan kominote a pou timoun ak jèn yo ki gen pwoblèm sante mantal ak fanmi yo. Pandan ekip yo kòmanse trete kliyan yo, OMH pral evalye efikasite yo, e li te fòme yon komite direktè chèchè, klinisyen, ak patnè pou fanmi ak jèn yo pou gide evalyasyon an epi rafine modèl la.

Ekip ACT pou Jèn yo pa rejyon yo genyen ladan:

Rejyon Kapital:

Parson's Child and Family Centers, k ap sèvi Konte Albany & Schenectady, yon ekip ki gen 36 machin santim

New York Santral:

Onondaga Case Management, k ap sèvi Konte Onondaga, yon ekip ki gen 48 machin santim

Hillside, k ap sèvi konte Chenango ak Cortland, yon ekip ki gen 36 machin santim

Finger Lakes:

Hillside, k ap sèvi Konte Monroe, yon ekip ki gen 48 machin santim

Long Island:

Nassau Santral, k ap sèvi Konte Nassau, yon ekip ki gen 48 machin santim

Hope for Youth, k ap sèvi Konte Suffolk, yon ekip ki gen 36 machin santim

Mid-Hudson:

MHA Westchester, k ap sèvi Konte Westchester, yon ekip ki gen 48 machin santim

Vil New York:

Child Center of NY, k ap sèvi Manhattan, yon ekip ki gen 48 machin santim
Jewish Board of Family & Children's Services, k ap sèvi Staten Island, yon ekip ki gen 36 machin santim
Jewish Board of Family & Children's Services, k ap sèvi Queens, yon ekip ki gen 36 machin santim
Jewish Board of Family & Children's Services, k ap sèvi Bronx, yon ekip ki gen 36 machin santim
JCCA, k ap sèvi Brooklyn, yon ekip ki gen 48 machin santim

Southern Tier:

Children's Home of Wyoming, k ap sèvi Konte Broome, yon ekip ki gen 48 machin santim

Lwès New York:

Child and Family Services, k ap sèvi Konte Erie & Niagara, yon ekip ki gen 48 machin santim

Mohawk Valley:

Rezo Entegral pou Altènatif Kominotè (Integrated Community Alternatives Network, ICAN), k ap sèvi Konte Oneida, yon ekip ki gen 48 machin santim

OMH pral byento fè yon demann pou pwopozisyon pou devlope senk lòt ekip ki pral sèvi timoun ak fanmi yo nan konte sa yo:

Rejyon Kapital:

Yon ekip k ap sèvi Konte Warren, Washington ak Konte Saratoga

Mid-Hudson:

Yon ekip k ap sèvi Konte Orange

Mohawk Valley:

Yon ekip k ap sèvi Konte Fulton ak Montgomery

Finger Lakes:

Yon ekip k ap sèvi Konte Ontario, Wayne, Seneca ak Yates

Southern Tier

Yon ekip k ap sèvi Konte Steuben ak Chemung

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)